



## Chòvsourit ak Laraj

### Kisa laraj ye?

Laraj se yon viris ki ka afekte sèvo a ak mwèl epinyè a. Yo konn jwenn viris sa a nan krache yon bèt ki gen laraj epi si bèt la mòde oswa grafouyen yon moun, moun sa a ka trape viris la. Pa gen okenn gerizon pou laraj, sepandan yo ka anpeche l rive.

### Kisa m dwe konnen sou chòvsourit ak laraj?

Nan peyi Etazini, pifò moun ki trape laraj te trape l poutèt chòvsourit te mòde yo epi yo pa rekonèt sa ni yo pa janm rapòte l. Chòvsourit se bèt ki gen ti dan ki difisil pou wè kidonk ou ka pa menm wè li mòde w. Anjeneral yon chòvsourit ki ansante evite moun, sepandan yon chòvsourit ki gen laraj ka atè a epi moun manyen l. Si ta gen chans yon moun manyen yon chòvsourit, se pou yo kenbe chòvsourit la epi se pou yo fè tès laraj pou li. Apade manyen chòvsourit la, si w jwenn yon chòvsourit nan chanm yon timoun ki te poukont li nan chanm nan, oswa si w leve jwenn yon chòv sourit nan chanm lan, li posib ke nou vin ekspoze. Chòvsourit k ap vole sou tèt moun ak chòvsourit ki pa gen okenn kontak ak moun oswa ak bèt, pa poze okenn risk.

### Kenbe chòvsourit pou fè tès laraj:

Se lè yo fè tès nan laboratwa sou chòvsourit la ke yo ka idantifye laraj e se sa ki ka fè yo konnen si yon moun bezwen tretman pou anpeche l gen laraj. Nan Boston, si gen yon moun oswa yon bèt domestik ki te ekspoze a yon chòvsourit, epi w konnen ki kote chòvsourit la ye, Boston Animal Control (Sant Kontwòl Bèt nan Boston), nan nimewo (617) 635-5348, ka ede w kenbe chòvsourit la.

Suiv etap sa yo pou kenbe yon chòvsourit:

- Lè chòvsourit mòde, mòsi a ka travèse twal donk itilize yon veso solid ki gen yon bouchon pou ka kenbe chòvsourit la.
- **Piga janm kenbe yon chòvsourit ak men w.** Se pou mete gan kui ki epè.
- Tann jiskaske chòvsourit la poze. Apwoche chòvsourit la toudousman epi mete veso a sou chòvsourit la. Apresa, glise kouvèti a oswa mete yon moso katon anba l epi vire veso a, pou ka fè chòvsourit la antre anndan veso a. Mete yon tep pou sere bouchon an.
- Pote chòvsourit la bay Hinton State Laboratory Institute (Enstiti Laboratwa Hinton State) pou yo fè tès laraj: Telefòn 617-983-6385.

### Kisa pou m fè si yon chòvsourit oswa yon lòt bèt mòde yon moun oswa si l mòde bèt domestik mwen?

Chòvsourit ak lòt bèt sovaj tankou moufèt, raton lavè (rakoun), rena ak kòyòt ka gen laraj. Bèt tankou chat, chen, firè, chwal, bèf, kabrit ak lama, si yo pa byen vaksinen, yo ka trape laraj tou si yon bèt sovaj mòde yo. Etap pou suiv si yon chòvsourit oswa yon lòt bèt mòde w:

- Tousuit apre bèt la fin mòde w, lave kote l mòde w la byen lave ak savon e ak dlo.
- Ale kay doktè w pou konnen si w bezwen pran tretman kont laraj. Gen lòt enfeksyon, tankou tetanòs, moun konn trape tou poutèt bèt mòde yo epi sa nesite konsiltasyon medikal.
- Yo dwe fè tès laraj pou bèt sovaj ki mòde moun. Moun ki abite nan Boston ka kontakte Boston Animal Control (Sant Kontwòl Bèt nan Boston) nan nimewo (617) 635-5348 pou mande ede yo kenbe bèt pou yo teste.
- Si bèt domestik yon moun ta mòde w, pran non, adrès ak nimewo telefòn mèt bèt la. Kontakte Boston Animal Control nan nimewo (617) 635-5348 pou yo ede w.
- Leplisouvan, yo fèmen chen, chat oswa firè a epi yo obsève yo pandan 10 jou. Si bèt la vin malad pandan 10 jou sa yo, se pou yo konsilte yon veterinè tousuit.
- Si w panse ke te gen yon chòvsourit ki te mòde bèt domestik ou, kontakte yon veterinè pou l ede w tousuit. Si posib, yo ta dwe fè tès laraj pou chòvsourit la. Pa bliye bay chat, chen ak lòt bèt vaksen yo regilyèman kòm sadwa.

Kontinye

## Kijan yo ka anpeche laraj?

- Lè yon bèt domestik vaksinen, li pap pwopaje maladi ant bèt sovaj ak moun. Vaksinen bèt domestik ou yo (chen, chat, firè) kont laraj epi kontinye ba yo vaksen kòm sadwa.
- Fè timoun yo konnen yo pa dwe jwe ak okenn bèt yo pa rekonèt epi pou yo di granmoun yo si bèt la mòde yo.
- Kèlkeswa bèt la, piga janm kite okenn tibebe ni okenn timoun piti poukont yo ak bèt la.
- Depi w wè yon bèt k ap flannen poukont li e ki gen konpòtman ki dwòl, li te mèt se chen, chat oswa lòt bèt, rele Boston Animal Control (Sant Kontwòl Bèt nan Boston) nan nimewo (617) 635-5348 pou fè yo konn sa.
- Piga sitire okenn bèt lakay ou oswa nan lakou w, epi fèmen bwat fatra yo byen fèmen epi ranje kay ou defason pou chòvsourit pa antre.
- Pa bay okenn bèt sovaj manje, pa manyen yo, ni pa adopte yo. Pa kenbe bèt sovaj kòm bèt domestik.
- Chasè ak moun ki poze pèlen fèt pou evite bèt ki gen konpòtman ki dwòl oswa evite bèt yo jwenn ki mouri. Mete gan lè w ap prepare jibye, epi kuit tout vyann byen kuit.
- Yo dwe vaksinen bèt ki nan festival ak bèt ki nan zou moun konn manyen.
- Lè w ap vwayaje, sitou si se andeyò peyi Etazini, evite manyen chen ak chat, menm si yo sanble yo dou.

## Kisa ki Tretman Apre ou fin Ekspoze a Laraj, oswa PEP?

Si yon moun te ekspoze a yon chòvsourit, epi chòvsourit sa a pa disponib pou yo fè tès sou li nan laboratwa, anjeneral yo rekòmande fè tretman prevantif kont laraj. Byen souvan yo ka pa fè tretman sa a si yo ka fè tès laraj sou chòvsourit la. Tretman prevantif apre yon moun fin ekspoze a laraj se yon piki iminoglobilin imen kont laraj (HRIG) ak kat piki vaksen kont laraj ke yo konn bay nan bra.

## Kijan m ka anpeche chòvsourit antre nan kay mwen?

Gen sèten chòvsourit ki viv nan batiman, e ka pa gen rezon pou fè yo ale si chans pou yo ka gen kontak ak moun, trè minim. Sepandan, se pou toujou anpeche chòvsourit antre nan pyès ki anndan lakay ou. Si w bezwen yo ede w pou pa kite chòvsourit antre lakay ou, kontakte yon ajans ki pwoteje bèt sovaj oswa yon ajans pès kontwòl.

Si w deside pran mezi "pwoteksyon kont chòvsourit" andedan lakay ou oumenm, suiv sijesyon sa yo:

- Gade byen anndan kay ou pou wè si pa gen twou kote chòvsourit ta ka antre.
- Itilize ekran pou fenèt, mete kapichon sou chemine yo, epi mete pwotèj van anba pòt grenye yo.
- Itilize paydefè inoksidab oswa kalfataj (caulking) pou bouche twou elektrik ak twou plonbri.
- Asire w ke tout pòt ki bay sou deyò kay la byen fèmen.
- Suiv pou wè ki kote chòvsourit yo pase pou yo soti lè lannuit la pral tonbe epi kwoke fèy plastik transparan oswa mete zwezo filè ki anpeche antre nan kote sa yo (chòvsourit yo ka soti men yo pa ka retounen).
- Lè w fin bloke kote chòvsourit yo antre, ou kapab sele ouvèti yo konplètman.
- Pa mete okenn blokaj ant mwa me ak mwa dawout pakse anpil jèn chòvsourit pa ka vole kidonk yo ka mouri etan yo bloke anndan oubyen yo ka soti kote moun ye nan kay la. Si w gen yon pwoblèm nan mwa sa yo, kontakte yon ajan ki kontwole bèt sovaj nuizib, ki gen lisans nan Massachusetts pou l vin wete bèt sovaj la. Gen yon lis ajan Kontwòl Bèt ki bay Pwoblèm (PAC) ki disponib nan: [http://www.mass.gov/dfwele/dfw/wildlife/pac/pac\\_agents\\_nd.htm](http://www.mass.gov/dfwele/dfw/wildlife/pac/pac_agents_nd.htm)
- Pifò chòvsourit pati pou yo ale pase anpil tan ap dòmi nan sezon otòn oswa ivè, donk se kounyeya pou pran mezi "pwoteksyon kont chòvsourit".

